

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina prosés panalungtikan aya sababaraha hal/data anu kapanggih nya éta:

- 1) Kamampuh pratés siswa kelas VIIB SMP PGRI Tanjungsari dina maca dongéng katitén rata-rata peuteuna 5,50 kamampuh maca dongéng dina pre-tes, nya éta saméméh ngagunakeun modél pangajaran maca *interpretatif*. Masih kénéh loba siswa anu can mampuh dina maca dongéng hal ieu bisa katitén tina tabél 4.8 masih loba kénéh anu can mampuh maca pamahaman dongéng "utara-Utari" jumlahna kurang leuwih 70% tina 100% atawa 25 urang ti 36 siswa nu aya.
- 2) Kamampuh pascatés siswa kelas VIIB SMP PGRI Tanjungsari dina maca dongéng téh katitén rata-rata nilaina 8,03 aya parobahan anu signifikan dina tingkat kamampuh maca dongéng. Hal ieu tiasa katitén tina tabél 4.9 ngan 5,55% siswa anu can mampuh dina maca dongéng atawa nganaya 2 urang tina 36 siswa. Hasil maca dongéng ieu tiasa disebutkeun tos nyugemakeun ditingal tina hasil ahir anu aya peningkatan, ieu salasahiji bukti yén modél pangajaran maca *interpretatif* téh éfektif pikeun dipaké dina pangajaran dongéng "Utara-utari".
- 3) Ku kituna, hipotésis ieu panalungtikan nya éta aya bédha anu signifikan antara kamampuh maca dongéng saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran maca *interpretatif* bisa dipaké.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén modél pangajaran maca *interpretatif* éfektif pikeun digunakeun dina pangajaran maca dongéng di SMP. Hal ieu bisa katitén tina ayana peningkatan tina rata-rata nilai pratés 5,50 jeung pascatés 8,03 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran maca *interpretatif*.

5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan, baris dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan aya mangpaatna pikeun kamajuan sakola dina mekarkeun stratégi diajar ngajar, hususna dina pangajaran maca dongéng. Saran-saran anu dimaksud nya éta:

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan modél pangajaran maca *interpretatifefektif* pikeun dipaké dina pangajaran maca dongénganujudulna Utara-Utari, ku kituna nu nulis miharep modél pangajaran ieu bisa dipaké rujukan pikeun pangajaran maca dongéng disakola hususna di SMP kahareupna.
- 2) Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran maca *interpretatifdina* ningkatkeun kamampuh maca dongénganujudulna Utara-Utari dinggap berhasil. Ku kituna, nu nulis miharep ieu modél lain ngan saukur dipaké dina pangajaran maca dongéng wungkul tapi bisa dipaké dina pangajaran maca karya sastra nu sejéna hususna karya sastra fksi.
- 3) Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran maca *interpretatif* pikeun ningkatkeun kamampuh maca dongéng ngagunakeun metode kuasi eksperimén, nu nulis meharep ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun panalungtik séjén dina ngalakukeun panalungtikan anu leuwih lega.